Haitian Creole

Broward County Public Schools
Coordinated Student Health Services

Dyabèt nan Lekòl yo

Kolabore enpòtan anpil nan planifikasyon ak mizanplas jere swen dyabèt nan lekòl yo pou asire sekirite epitou reyisit nan etid.

Ekip Jere Swen Dyabèt

- ✓ Paran ak Gadyen
- ✓ Fòmasyon Anplwaye Lekòl
- ✓ 504 Liaison/Lyezon 504
- ✓ Konseye Lekòl
- ✓ Enfimyè Lekòl
- ✓ Administrasyon Lekòl
- ✓ Spesyalis ESE
- ✓ Travayè Sosyal

Dokiman Obligatwa

Paran/gadyen ak doktè siyen Plan Medikal Jere Dyabèt/**Diabetes Medical Management Plan (DMMP)**.

Paran/gadyen ranpli fòm Revizyon Eta Sante/**Health Condition Review Form** epi bay enfòmasyon jeneral konsènan dyagnostik dyabèt.

Yon enfimyè ki gen lisans ansanm ak paran/gadyen prepare Plan endividyèl swen sante/**Individualized Healthcare Plan (IHP)**

Yon enfimyè ki gen lisans ansanm ak paran/gadyen prepare Plan Swen Ijans/**Emergency Care Plan (ECP)** .

Yap distribye plan-yo bay TOUT anplwaye lekòl ki gen responsablite ede elèv dyabetik pandan yon jounen lekòl epi pandan aktivite sou patwonaj lekòl.

Lwa Federal Anrapò ak Jere Dyabèt nan Lekòl yo

- Section 504 Lwa Reyabilitasyon 1973 (Section 504)
- The Americans with Disabilities Act/Lwa pou Ameriken Andikape
- Lwa Edikasyon pou Moun Andikape (IDEA)
- Dwa Fanmi nan Edikasyon ak Konfidansyalite Dosye (FERPA)

Plan Edikasyon

- Yo devlope Plan **504 Plans** pou elèv edikasyon jeneral & chak ane Ekip Jere Dyabèt/*Diabetes Management Team* revwa plan an.
- **Plan Edikasyon Endividyèl (IEP)** obligatwa pou elèv andikape ki resevwa edikasyon spesyal ak sèvis asosye anba lwa IDEA.

Plan sa yo adrese chak sèvis elèv la bezwen pou jere dyabèt li an tout sekirite epi efikasman nan lekòl la.

Nivo Swen

DEPANDAN

Anplwaye ki resevwa fòmasyon oswa yon enfimyè va bay elèv la swen epi ede-li jere dyabèt li.

SIPÈVIZYON

Sou sipèvizyon anplwaye ki resevwa fòmasyon oswa yon enfimyè elèv va resevwa swen epi yap ede li jere dyabèt li.

ENDEPANDAN

Se elèv la limenm kap swayen epi jere dyabèt li.

*Elèv dyabetik ap **toujou** gen aksè a rezèv medikaman epi ekipman pou trete touswit sik li ki twò wo oswa twò ba.*

Pandan yon ijans/emèjennsi, yap bay elèv la swen ki nesesè kèlkeswa nivo swen aktyèl.

Fòmasyon Anplwaye pou Swen Dyabèt

1. **Nivo En:** Tout anplwaye lekòl resevwa yon fòmasyon avèk apèsi jeneral sou dyabèt, ka rekonèt siy ak sentòm dyabèt ipèglisemi /ipoglisemi, epi kilès yo ka kontakte ann ijans.
2. **Nivo De:** Anplwaye lekòl ki kominike regilyèman ak elèv la pandan yon jounen lekòl la, enkli men pa limite ak, pwofesè saldeklas, pwofesè edikasyon spesyal, chofè bis, parapwofesyonèl.
3. **Nivo Twa:** Youn oswa plis anplwaye lekòl ki deziye kòm pèsonèl ki resevwa fòmasyon pou swen dyabèt va egzekite oswa asiste avèk tach anrapò ak swen epi tretman elèv dyabetik selon sa lwa Florida Statute otorize epi yon Enfimyè ki gen lisans ap bay anplwaye yo sipò ak edikasyon kontini.

Pou enfòmasyon konsènan swen elèv ki dyabetik, kontakte **Coordinated Student Health Services:**

(754) 321-1575

Coordinated Student Health Services